

Sèvis Referans pou Fanmi yo ki gen Timoun piti



oswa rele
207-287-3991

Pwogram Nitrisyon (WIC Nutrition Program)

WIC sèvi fanm ansent, fanm k ap bay tete, ak timoun jiska laj 5 an, enkli timoun adoptif. WIC se swen nitrisyon konplè epi li ofri bon jan kalite manje, edikasyon sou nitrisyon, sipò bay tete ak referans pou lòt sèvis yo.



oswa rele
800-698-3624

Timoun ki gen Bezwen Swen Sante Spesyal (Children with Special Healthcare Needs - CSHN)

Timoun ki gen Bezwen Swen Sante Espesyal travay ak fanmi timoun ki gen bezwen swen sante espesyal ki poko gen 22 zan. CSHN kapab gide fanmi ak òganizasyon yo jwenn resous ki pi byen adapte bezwen pitit yo. Anplwaye yo kapab navige fanmi yo atravè sistèm medikal konplèks, konekte yo ak swen ki pral reyalize pi bon rezilta pasyan posib.



Plan Swen ki an sekirite (Plan of Safe Care - POSC)

Plan Swen ki an Sekirite te kreye ant yon founisè swen sante oswa sèvis sosyal, manman ak/oswa lòt moun k ap bay swen, pou idantifye fòs ak bezwen fanmi yo, resous ak aksyon benefisyè pou pi byen sipòte tibebe ak fanmi ki ekspozè a sibstans. Yon Plan Swen Sekirite souvan gen ladan referans bay sèvis oswa bay enfòmasyon pou kontakte fanmi yo pou pwòp swivi yo.



oswa rele
1-888-644-1130

Cradle ME Sistèm Referans

CradleME ede w konekte w ak bon sèvis lakay ou pou oumenm ak tibebe w la gratis. CradleME se yon patenarya ant de pwogram: Enfimyè Sante Piblik ak Fanmi Maine.



Fanmi Maine yo (Maine Families)

Maine Families se yon rezo ekip kominotè nan tout eta a k ap sèvi bezwen fanm ansent ak paran ki gen tibebe ki fèk fèt. Moun k ap pran swen ak vizitè pwofesyonèl yo pral asosye avèk ou pou jwenn enfòmasyon ak resous ki ka sipòte sante fizik ak emosyonèl tibebe w la.



oswa rele
877-770-8883

Sèvis Devlopman Timoun/Entèvansyon Bonè (Child Development Services/Early Intervention)

Sèvis Devlopman Timoun/Sistèm Entèvansyon Bonè a se yon Inite Edikasyon Entèmedyè ki bay toulède Entèvansyon Bonè (nesans jiska dezan) ak Edikasyon Piblik Apwopriye Gratis (pou laj twa jiska senkan) anba sipèvizyon Depatman Edikasyon Maine.



oswa rele
1-855-797-4357

Kouvèti Sante pou Maine (Health Coverage for Maine)

Health Coverage for Maine (CoverME.gov) bay enfòmasyon sou opsyon asirans sante gratis ak bon mache pou fanmi Maine. Ou ka jwenn tou yon anyè òganizasyon lokal ki ka ede w konprann opsyon kouvèti w yo epi ranpli yon aplikasyon.



oswa rele
207-441-5852

Kòmansman Bonè/ Edikasyon Bonè (Head Start/ Early Head Start)

Head Start ofri edikasyon timoun piti pou jèn timoun ki gen fanmi ki respekte gid federal sou povrete. Head Start se pwogram preskolè konplè ki finanse federalman, ki fèt pou satisfè bezwen emosyonèl, sosyal, sante, nitrisyonèl ak sikolojik timoun ki gen laj 3 a 5 ane ak fanmi yo. Li ede devlope konpetans sosyal lakay timoun yo epi ankouraje oto-sifisans atravè yon apwòch konplè ki konsantre sou fanmi. Pwogram Early Head Start (etabli an 1994) se pwogram konpayon ki te kreye pou adrese menm bezwen timoun ki fenk fèt jiska laj 3 zan, manman ansent, ak fanmi yo.



Enfimyè Sante Piblik (Public Health Nursing - PHN)

Maine CDC Enfimyè Sante Piblik bay sèvis sante nan kay pou fanmi yo. Tout fanm ki nan peryòd prenatal ak apre akouchman ak tout tibebe ki fenk fèt ak tibebe ki gen laj jiska 12 mwa ka resevwa yon vizit nan men yon Enfimyè Sante Piblik. Si w gen kesyon sou sante w oswa sou sante tibebe w la, ou ka mande yon enfimyè nenpòt kilè lè w rele nimewo CradleME.

Pou eskane kòd QR, louvri aplikasyon kamera a sou aparèy ou an. Pwente li nan kòd QR ou vle eskane a. Gade siy notifikasyon an nan tèt ekran an - klike sou li pou swiv sou sit entènèt la. Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egal.

